

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Nurutkeun Sugiyono (2013) métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun ngahasilkeun data kalawan udagan sarta mangpaat nu tangtu. Lantaran kitu, dina ieu panalungtikan, data nu dibeunangkeun kudu nyoko dumasar kana métodena, sangkan hasil dina ieu panalungtikan luyu jeung kaayaan nu sabenerna.

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kuantitatif. Ilaharna variabel-variabel diukur ku instrumén panalungtikan nepi data anu ngawengku angka-angka bisa dianalisis ku prosedur statistika.

Métode nu dipaké dina panalungtikan ieu nyaéta kuasi ékspérimén. Kuasi Éksperimen nya éta métode panalungtikan nu dilakukeun pikeun neangan pangaruh *treatment* kanu lian dina kondisi anu bisa dikendali (Sugiyono, 2013).


3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun desain kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Anapaon ieu desain panalungtikan téh dilakukeun sababaraha tahap nya éta *pretest*, *treatment*, jeung *posttest*.

Kuasi ékspérimén téh nya éta ékspérimén anu nempatkeun unit pangleutikna kana kelompok kuasi ékspérimén jeung kontrol anu teu dilakukeun sacara acak (Hastjarjo, 2019).

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun desain *pretest* jeung *posttest* anu dilaksanakeun dikelas XI. Pretest dilaksanakeun saméméh diajar ngagunakeun media *google docs* pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa, *treatment* dilaksanakeun kucara ngalarapkeun media *Google Docs* dina pangajaran téks biantara, sedengkeun *posttest* dilaksanakeun sanggeus diajar ngagunakeun media *Google Docs* pikeun mikanyaho bédana dina saméméh jeung sanggeus ngagunakeun éta média.

Ieu désain panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

Keterangan:

- O1 = *Pretest* atawa kamampuh nulis téks biantara peserta didik saméméh maké média *Google Docs*.
- X = *Treatment* pangajaran nulis téks biantara maké média *Google Docs*.
- O2 = *Posttest* atawa kamampuh nulis téks biantara peserta didik sanggeus maké média *Google Docs*.

3.2 Data jeung Sumber Data

3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil kamampuh nulis téks biantara dina unggal tés. Data kahiji nyaéta hasil nilai *pretest*, hartina kamampuh siswa nulis téks biantara saméméh maké média *Google Docs*. Data kadua nyaéta hasil nilai *posttest*, hartina kamampuh siswa nulis téks biantara sanggeus maké média *Google Docs*.

3.2.2 Sumber Data


Sumber data dina panalungtikan ieu nyaéta siswa kelas XI IPS-1 SMA Negeri 1 Cisarua Taun Ajaran 2022/2023. Sumber data baris dijéntrékeun dina tabel di handap:

Tabel 3.1 Sumber Data

Kelas	Lalaki	Awéwé	Jumlah
XI IPS-1	10	24	34

3.3 Prosedur/ Alur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Ayana prosedur ieu sangkan ieu panalungtikan bisa lumangsung kalawan sistematis. Prosedur ieu panalungtikan dijéntrékeun di handap.



Bagan 3.2 Prosedur Panalungtikan

Anapon tahapan-tahapan di luhur baris dijéntrékeun di handap ieu.

- a. Idéntifikasi Masalah, tahapan munggaran nyaéta néangan hal anu kudu bisa ditarékahan sacara ilmiah tur sistematis.
- b. Nulis téks Biantara, mangrupa masalah anu kudu diréngsékeunna ngaliwatan nangtukeun naon kasang tukang msalah, rumusan masalah, tujuan masalah, jeung métode panalungtikan saméméh ngalaksanakeun panalungtikan.

- c. Sumber data pikeun panalungtikan mangrupa Kelas XI IPS 1 SMA Negeri 1 Cisarua taun ajaran 2022/2023.
- d. Ngarancang Alur, tahapan kaopat ieu panalungtik ngarumuskeun heula alur kucara ngarumuskeun hipotésis pikeun dadasar jeung jawaban awal tina panalungtikan.
- e. Ngarumuskeun instrumén, tahap kalima nyaéta panalungtik nyieun instrumén mangrupa soal dina wangun paréntah nu sarua antara *pretest* jeung *posttest*.
- f. *Pre-test*, tahap nu kagenep nyaéta panalungtik mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks biantara saméméh maké média *Google Docs*.
- g. Ngagunakeun média *Google Docs*, tahap katujuh panalungtik méré stimulus mangrupa *treatment* ka siswa ngagunakeun média *Google Docs*.
- h. *Post-test*, tahap kadalapan panalungtik ngukur deui kamampuh siswa dina nulis téks biantara sanggeus maké média *Google Docs*.
- i. Analisis Data, tahap kasalapan panalungtik ngolah data di luhur sanggeus ngalaksanakeun tés *pretest* jeung *posttest*.
- j. Kacindekkan, tahap nu pamungkas panalungtik nyieun kacindekkan tina tahapan-tahapan saacanna tuluy disusun dina wangun skripsi.

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa kana matéri nulis téks biantara dipaké téknik tés dina wangun paréntah. Téknik ngumpulkeun data (tés) nu dilaksanakeun saméméh jeung sanggeus uji coba media *Google Docs* dina pangajaran téks biantara. Tés awal (*pretest*) dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh siswa dibéré *treatment* ngagunakeun média *Google Docs*. Sedengkeun tés ahir (*posttest*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho hasil ahir diajar siswa sanggeus maké média *Google Docs*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés tulisan. Dina prak-prakana panalungtikan baris dilaksanakeun tés awal anu can dibéré perlakuan (*pretest*) jeung tés ahir (*posttest*) nu dibéré perlakuan ngagunakeun média *Google Docs*. Instrumén dina ieu panalungtikan baris dijentrékeun di handap.

Tabel 3.2 Instrumén Panalungtikan

Soal Nulis Tèks Biantara	
Paréntah	
	<ul style="list-style-type: none"> Jieun hiji tèks biantara sederhana, kalawan lengkep Isi, struktur, kesantunan jeung kaidah basa!
Jawab	
Wasta :	
No Absen :	

3.6 Analisis Data

3.6.1 Instrumén Analisis Data

Data nu baris diolah jeung analisis nya éta data kamampuh awal tina hasil tes awal (*pretest*) jeung data kamampuh akhir tina hasil tes ahir (*posttest*).

Léngkah-léngkah nu baris dipigawé di antarana, nya éta:

- Ngumpulkeun data *pretest* jeung *posttest*;
- Méré peunteun kana hasil *pretest* jeung *posttest* dumasar kana kritéria nilai dina tabél di handap!

Tabel 3.3 Kriteria Penilaian

Aspek nu Diukur	Kriteria	Peunteun
Eusi	Hade Pisan, sampurna dina nyarungsum eusi biantara	81-100
	Hadé, cukup sampurna dina nyarungsum eusi biantara	65-80
	Sedeng, bisa dina nyarungsum eusi biantara	51-64
	Kurang, cukup dina nyarungsum eusi biantara	26-50
	Kurang Pisan, teu bisa dina nyarungsum eusi biantara	0-25
Struktur téks Biantara	Hade Pisan, sampurna dina nyarungsum struktur téks biantara	81-100
	Hadé, cukup sampurna dina nyarungsum struktur téks biantara	65-80
	Sedeng, bisa dina nyarungsum struktur téks biantara	51-64
	Kurang, cukup bisa dina nyarungsum struktur téks biantara	26-50
	Kurang Pisan, teu bisa dina nyarungsum struktur téks biantara	0-25
Kesantunan basa	Hade pisan, sampurna ngalarapkeun kesantunan basa	81-100
	Hadé, cukup sampurna ngalarapkeun kesantunan basa	65-80
	Sedeng, bisa ngalarapkeun kesantunan basa	51-64
	Kurang, cukup bisa ngalarapkeun kesantunan basa	26-50
	Kurang Pisan, teu bisa ngalarapkeun kesantunan basa	0-25

Aspék nu Diukur	Kritéria	Peunteun
Kabahasaan	Hade Pisan, sampurna ngawasa tata basa jeung kecap	81-100
	Hadé, cukup sampurna ngawasa tata basa jeung kecap	65-80
	Sedeng, bisa ngawasa tata basa jeung kecap	51-64
	Kurang, cukup bisa ngawasa tata basa jeung kecap	26-50
	Kurang Pisan, teu bisa ngawasa tata basa jeung kecap	0-25

(Nurgiantoro, 2018)

c. Ngasupkeun data peunteun *pretest* jeung *posttest* kana tabél;

Di luhur ayana kategori penilaian, pikeun menteun hasil akhir siswa dina *pretest* jeung *posttest* ditabulasikeun dina tabél di handap

Tabel 3.4 Peunteun Akhir

NO	No. Absen Siswa	Kamampuh Nulis Téks Biantara					
		A	B	C	D	Σ	PA
1.							
2.							
...							
Jml							
Rata-rata							

Ket:

A = Eusi

B = Struktur

C = kesantunan Basa

D = Kabahasaan

Σ = Jumlah

PA = Peunteun ahir

d. Ngabandingkeun bédana hasil *pretest* jeung *posttest*;

Sanggeus data diolah nepi ka aya kacindekanna, ieu panalungtikan disusun jadi laporan dina wangun skripsi luyu jeung katangtuan nu aya. Pikeun ngukur kamampuh siswa baris aya rentang nilai, ti mimiti kurang pisan, kurang, sedeng, hadé, jeung hadé pisan.

3.6.2 Uji Sipat Data

Dina nguji sipat data, dilaksanakeun uji normalitas jeung hipotésis. Uji normalitas nyaéta nguji normal henteuna data nu geus kakumpul, sedengkeun uji hipotésis nyaéta nguji dugaan kana kaputusan nu bakal dicokot dina ieu panalungtikan. Panalungtikan ieu dianalisis ngagunakeun *IBM SPSS Statistic 26* nu mangrupa *software* pikeun mantuan proses ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistik.

3.6.2.1 Uji Normalitas

Udagan dina uji normalitas nyaéta sangkan mikanyaho naha data panalungtikan miboga distribusi normal atawa henteu, sabab dina statistik *parametrik* distribusi data nu normal nyaéta hiji perkara nu kudu jeung sarat mutlak kudu dilaksanakeun. Dina panalungtikan ieu, ngagunakeun uji normalitas *Shapiro-Wilk*.

Nurutkeun Hidayat (2020) uji *Shapiro-Wilk* nyaéta métode uji normalitas anu sangkil jeung valid digunakeun pikeun sampel anu leutik. Ieu pamadegan saluyu jeung pamadegan Shapiro jeung Wilk (dina Oktaviani 2014) uji *Shapiro-Wilk* ilaharna digunakeun pikeun sampel anu kurang ti 50 urang sangkan ngahasilkeun kaputusan nu akurat.

Pikeun nangtukeun normal atawa henteuna data, uji normalitas bisa ditinggali dumasar kana kritéria di handap.

H_1 = data miboga distribusi henteu normal

H_0 = data miboga distribusi normal

H_0 ditarima jeung H_1 ditolak, upama nilai signifikan (sig) $\geq 0,05$

H_1 ditarima jeung H_0 ditolak, upama nilai signifikan (sig) $\leq 0,05$

3.6.2.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis digunakeun pikeun mikanyaho aya bédana rata-rata dua sampel. Udaganana pikeun mikanyaho naha aya pangaruhna antara *pretest* jeung *posttest*. Dina uji hipotésis bisa dilakukeun maké dua cara. Kahiji, upama dina uji normalitas nuduhkeun datana teu distribusi normal, ngagunakeun uji *Wilcoxon*. Kadua, upama dina uji normalitas nuduhkeun datana distribusi normal, ngagunakeun uji *paired sampel t test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna uji hipotésis bisa ditinggali dumasar kana kritéria di handap.

Hipotésisi Alternatif (H_a) : aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biantara siswa kelas XI IPS-1 SMA Negeri 1 Cisarua Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Google Docs*.

Hipotésisi Nol (H_0) : teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biantara siswa kelas XI IPS-1 SMA Negeri 1 Cisarua Taun Ajar 2022/2023 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *Google Docs*.